



Pwogram Tinèl Dlo Metropoliten Kijan Nou Te Chwazi Chantye Pui yo?

Avèk Pwogram Tinèl Dlo Metropoliten, Administrasyon Resous Dlo Massachusetts (Massachusetts Water Resources Authority, MWRA) pral konstwi de nouvo tinèl dlo ki pral facilite yo repare vye sistèm tinèl dlo ki la deja san yo pa sispann sèvis la. Egzekisyón Pwogram nan pral egzije konstwiksyon pui fon, tinèl nan wòch, ak chanm vàn toupre sifas la, epi enstalasyon pou koneksyon kanalizasyon.

Pifò nan konstwiksyon tinèl pral fèt anba sifas la, lè machin foraj tinèl la (tunnel boring machine, TBM) ap fouye nan wòch la jiska 400 pye anba tè a. Men, anpil **pui** pral konekte tinèl la avèk sifas. **Pui-lansman** yo ak **pui-resepsyon** yo ap pèmèt TBM antre ak soti nan tinèl la, alòske **pui-koneksyon** yo ap bay koneksyon enpòtan ant nouvo tinèl yo ak sistèm transmisyon dlo nou ki la deja epi ak kominate lokal nou sèvi yo. *Fèy Enfòmasyon* sa a dekri pui sa yo ak fason nou chwazi anplasman yo.

Pou kisa nou itilize chak pui?

Pui-lansman yo se pi gwo ab nou dwe konstwi avèk yon mezi ki se apeprè 40 pye nan dyamèt pa 350 pye nan pwofondè epi n ap pozisyone yo nan zòn prensipal preparasyon pou konstwiksyon tinèl la. De oswa twa ab ka nesesè. Pandan konstwiksyon an, anpil espas ak teren ki toutotou ab lans-man ap nesesè pou sipòte asanblaj TBM, fouy tinèl, tretman materyo fouy la, tretman dlo, ak enstalasyon kouvèti tinèl la. Apre konstwiksyon an yon sipèfisi 1.5 a 2 ak teren ka nesesè pou somè pèmanan fondasyon ab la, chanm valv yo, ak kanalizasyon toupre sifas la ki pral bay koneksyon nan sistèm distribisyon dlo nou an ki la deja.



Egzanp yon aktivite foraj tinèl

Pui-resepsyon yo mezire apeprè 25 pye nan dyamèt pa apeprè 350 pye nan pwofondè epi yo pozisyone nan fen sègman tinèl la. N ap itilize pui sa yo pou retire TBM nan tè lè li fini eksplwatasyon min nan epi pou f yon koneksyon nan sistèm distribisyon dlo nou an ki la deja. De nan twa pui-resepsyon yo ka obligatwa pou Pwogram nan. Yon ti kantite sipèfisi ak teren nesesè nan sifas pui-resepsyon yo pandan konstwiksyon an pou sipòte demontaj TBM ak konstwiksyon koneksyon pèmanan yo. Zòn pèmanan yon pui-resepsyon sanble avèk yon pui-lansman.

Pui-koneksyon yo mezire apeprè 5 a 10 pye nan dyamèt pa pui ki mezire apeprè 350 pye nan pwofondè toutolon tinèl la epi nou itilize yo pou fè koneksyon entèmedyè ant tinèl la ak kanalizasyon sistèm distribisyon dlo ki la deja. Nou planifye apeprè sis chantye pui-koneksyon, yo chak ap bezwen apeprè $\frac{1}{3}$ a $\frac{1}{2}$ ak teren pou konstwiksyon, selon metòd konstwiksyon an. Apre konstwiksyon an, yon ti kantite teren pral nesesè pou somè pèmanan pui a/chanm valv la ak kanalizasyon toupre sifas la.

Pou pui lansman yo ak pui resepsyón yo, chantye ideyal la ap bezwen laj ase pou sipòte aktivite konstwiksyon ki planifye yo, toupre wout prensipal yo, toupre yon etandi dlo, toupre enfrastrikti MRRA ki la deja pou fè koneksyon yo vin pi fasil, epi lwen otank posib avèk resous ki nan anviwònman an, resous istorik yo oswa resous kiltirèl yo. Paske chantye pui-koneksyon yo ap bezwen mwens teren ak aktivite konstwiksyon, chantye ideyal la gen rapò avèk vwazinaj enfrastrikti dlo ki la deja (kanalizasyon oswa estasyon ponpaj, epitou pozisyònman yo lwen otank posib avèk resous ki nan anviwònman an, resous istorik yo ak resous kiltirèl yo).

Kijan nou te evalye chantye pui yo?

Pou reyalize objektif yo pou Pwogram nan, tinèl la dwe fè koneksiyon idwolik nan sèten kote ki pral reyalize bi prensipal sistèm tinèl la: redondans pou vye sistèm tinèl dlo nou ki la deja. Lè MRA te idantifye chantye posib yo nan kòmansman Pwogram nan nou te konsidere kesyon sa yo:

- Èske gen ase sipèfisi pou sèvi fonksyon obligatwa a?
- Sou ki distans chantye yo ye avèk otowout yo?
- Kimoun ki posede teren an? Chantye koneksiyon MWRA posede yo gen priyorte)
- Èske teren an disponib?
- Kisa rezulta yo bay nan yon egzamen avanse anviwònman an?

Pandan Pwogram t ap vanse depi nan konsepsyon jeni pou rive nan evalyasyon sèten chantye pui, MWRA te fè yon revizyon apwofondi chak chantye ki gen rapò avèk:

Jeni ak fasilité konstwiksyon; disponiblite teren; Konsekans posib sou anviwònman an; Fleksibilite operasyonèl, posib konsekans sosyal/posib konsekans sou kominate a; Depans ak Kalandriye



Egzanp kondisyon final yon pui

Ki chantye nou te chwazi yo?

Chantye pui-lansman ak pui-resepsyon te baze sou analiz idwolik, posiblite konstwiksyon, disponiblite teren ak lòt kalite analiz ki te fèt jiska prezaj, ak vwazinaj nan koneksiyon ki nesesè yo nan enfrastrikti MWRA ki la deja. Pui sa so pral pozisyone:

- Nan kanalizasyon WASM ki toupre Liy vilaj Waltham-Belmont (gwo sit resepsyon oswa rakòdeman);
- Nan Hultman Aqueduct ki toupre echanjè I-90/I-95 nan Weston;
- Nan limit trèsè fèy echanjè I-95 Needham epi,
- Toupre Pui 7C Dorchester Tunnel nan Boston (toupre American Legion nan Mattapan).

pui-koneksiyon ki pral bay avantaj pou kliyan nou yo ak ranfòsman rezo distribisyon jeneral dlo a pral pozisyone:

- Nan School Street pou konekte Estasyon Ponpaj Lexington Street Pumping Station ki nan Waltham;
- Nan Estasyon Ponpaj Cedarwood ki nan Waltham;
- Nan Estasyon Ponpaj Hegarty ki nan Wellesley
- Toupre Mary Street pou konekte Estasyon Ponpaj Mary Street ki nan Waltham;
- Nan Estasyon Ponpaj Newton Street ki nan Brookline; epi,
- Toupre Southern Spine Mains toutolon Pasrèl ki nan Boston.

Nou te chwazi Pozisyon chak chantye pui-lansman, pui-resepsyon ak pui-koneksiyon yon sèten fason pou evite ak diminye nèt konsekans sou anviwònman an konsekans sosyal ak konsekans sou kominate a.

Pou jwenn plis enfòmasyon sou Pwogram Tinèl Dlo Metropoliten, tanpri ale sou sitwèb www.mwra.com/mwtp.html oswa kontakte Ekip Kominikasyon nou nan adres imèl tunnels.info@mwra.com



Massachusetts Water Resources Authority • 33 Tafts Avenue • Boston, MA • 02128
(617) 242-6000 • www.mwra.com

Jiyè 2023